

Pre-Algebra

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Definisyon
Absolute value	Valè absoli	58	Distans ant zewo epi yon pwen sou dwat nimerik la
Accuracy	Presizyon	589	Distans ant yon mezi epi valè ekzak la
Acute angle	Ang egi	449	Yon ang ki mezire plis pase 0° men ki pi piti pase 90°
Acute triangle	Triyang egi	454	Yon triyang ki genyen twa ang egi
Adjacent angle	Ang adjasan	493	De ang ki genyen yon menm somè, yon kote an komen men yon pa monte sou lòt
Algebraic expression	Ekspresyon aljebrik	17	Yon ekspresyon ki genyen sòm osnon pwodwi yon varyab ak nonm
Algebraic fraction	Fraksyon aljebrik	170, 211	Yon fraksyon ki genyen yon osnon plizyè varyab nan nimeratè li osnon nan denominatè li
Alternate exterior angle	Ang altèn entèn	492	De ang ki pa adjasan epi ki sitiye yon sou chak bò yon transvèsal. Nan figi an ba a, ang 1 ak ang 7 epi ang 2 ak ang 8 se ang altèn ekstèn
Alternate interior angle	Ang altèn ekstèn	492	De ang enteryè ki pa adjasan epi ki sitiye yon sou chak bò yon transvèsal. Nan figi pi ba a, ang 4 ak ang 6 epi ang 2 ak ang 8 se ang altèn entèn
Altitude	Wotè	520	Yon segman ki pèpandikilè ak baz yon figi epi ki genyen yon ekstremitè nan somè ki opoze ak baz la
Angle	Ang	447	De demidwat ki genyen yon ekstremitè an komen fòme yon ang. Yo itilize demi dwat yo ak somè a pou bay ang la yon non. Ang pi ba a se ang <i>ABC</i>
Area	Sifas	132	Mezi kantite inite sifas ki genyen andedan yon figi jewometrik
Arithmetic sequence	Seri aritmetik	249	Yon seri kote diferans ant de tèms konsekitif se menm nonm la
Average	Mwayèn	82	Sòm tout done yo divize pa nonm done ki genyen
Back to back stem and leaf plot	Dyagram tij ak fèy do pou do	607	Dyagram ki sèvi pou konpare de ansanm done. Fèy yon ansanm done sou yon bòtij la epi fèy lòt ansanm done a sou lòt bò tij la
Bar graph	Dyagram an baton	722	Yon grafik ki itilize ba pou konpare estatistik.

Bar notation	Notasyon desimal ilimite	201	Nan yon nonm decimal ki genyen yon pati decimal peryodik, yo mete yon ba osnon yon liy anlè chif kap repete yo. Pa ekzanp $2.6\overline{3}$ motre de chif 6 ak 3 repete.
Base	Baz	153	Nan 2^4 , baz la se 2. Baz la sèvi kòm faktè otan fwa ekspozan endike. Sa vle di $2^4 = 2 \times 2 \times 2 \times 2$.
Base	Baz	288	Nan yon pousantaj pwopòsyon, tout kantite a osnonnonm yap konpare avèk pati a Pati/baz = posantaj/100.
Base	Baz	520, 521, 522	Baz yon paralelogram osnon yon triyang se nenpòt ki kote figi a. De kote paralèl yo se baz nan yon trapèz.
Base	Baz	557	Nan yon prism baz yo se de fa ski paralèl epi egal.
Best fit line	Liy pi bon apwoksimasyon	409	Nan yon dyagram dispèsyon liy ki pase trè pre majorite pwen ki reprezante done yo. Liy ki pi koresponn ak done yo.
Binomial	Binòm	669	Yon polinòm ki genyen ekzakteman de tèm.
Boundary	Lizyè	419	Dwat ki separe yon grafik an de demi plan.
Box- and-whisker plot	Dyagram bwat ak tij	617	Yon diagram ki itilize medyann la ak katil yo pou divize yon ansanm done an kat pati. Yon bwat antoure val è katil yo epi tij ale depi bwat yo jiska valè ekstrèm yo.
Center	Sant	533	Pwen ki ekidistan tout sou yon sèk.
Circle	Sèk	533	Ansanm tout pwen yon plan ki ekideistan yon pwen ki rele sant
Circle graph	Grafik sikil è	723	Yon espès grafik ki sèvi pou konpare pati yon ansanm
Circumference	Sikonferans	533	Distans otou yon sèk.
Coefficient	Koyefisyan	103	Pati nimerik yon tèm ki genyen yon varyab ladan li.
Combination	Kombinezon	642	Yon ranjman osnon yon list kote lòd la pa enp otan.
Common difference	Rezon	249	Diferans ant de tèm konsekitif nan yon seri aritmetik.
Common multiples	Miltip komen	226	Miltip de osnon de osnon plizyè nonm genyen. Pa ekzanp, kèk miltip komen 4 ak 6 se 0, 12, 24.
Common ratio	Rezon	250	Rapò ant de tèm konsekitif nan yon seri jewometrik
Compatible numbers	Nonm kompatib	714	Nonm ki awondi de sòt ke lè yo divize yon pa lòt rès la se zewo.
Complementary	Konplemant è	493	De ang kpnplemantè lè sòm yo egal 90° .

Composite number	Nonm konpoze	159	Yon nonm antye ki genyen plis pase de faktè.
Compound event	Ev ènman konpoze	650	Yon evènman ki fèt ak de osnon plizyè evènman senp.
Cone	Kone	569	Yon figi tridimansyonèl ki genyen yon baz sikilè. Yon sifas awondi konekte baz la avèk somè a.
Congruent	Egal	455, 493, 500	Segman ki genyen menm longè, osnonang ki genyen menm mezi osnon figi ki genyen menm fòm epi menm dimansyon
Conjecture	Konjekti	7	Sipozition baze sou eksperyans.
Constant	Konstant	103	Yon tèm ki pa genyen yon varyab
Constant of variation	To varyasyon	394	Pant osnon to varyasyon ki reprezante pa k nan ekwasyon $y = kx$.
Converse	Resipwòk	462	Deklarasyon ki fòme lè yo chanje fraz apre si epi alò nan deklarasyon Si...Alò
Coordinate	Koòdone	57	Nonm ki koresponn avèk yon pwen sou yon dwat nimerik.
Coordinate plane	Plan koòdone	33	Yon lòt nonm pou sistèm koòdone a.
Coordinate system	Sistèm koòdone	33	Yon sistèm koòdone fòme pa entèseksyon de dwat nimerik ki kwaze pou fòme yon ang dwanan orijin yo. Li rele Plan koòdone tou.
Corresponding angle	Ang korespondan	492	Ang ki genyen menm pozition lè yon transvèsal kwaze de liy paralèl. Nan figi a, ang 1 ak ang 5, epi ang 2 ak ang 6 epi ang 3 ak ang 7 epi ang 4 ak ang 8 se ang korespondan.
Corresponding parts	Pati korespondan	500	Pati ki matche nan figi sipèpozab osnon nan figi ki similè
Cosine	Kosinis	477	Si $\triangle ABC$ se yon triyang rektang epi a se yon ang egi, alò: Kos A = mezi longè kote adjasan ang A / mezi longè ipoteniz la.
Counter example	Kontekzanp	25	Yon ekzanp ki montre yon konjekti pa vre.
Cross products	Pwodwi kwaze	270	Si $\frac{a}{c} = \frac{b}{d}$ alò $ad = bc$. Si $ad = bc$ alò $\frac{a}{c} = \frac{b}{d}$.
Cubic function	Fonksyon kibik	688	Yon fonksyon yon ekwasyon tankou $y = ax^3 + bx^2 + cx + d$ ka dekri kote $a \neq 0$.
Cylinder	Silend	565	Yon solid ki genye de baz (an jeneral sikilè) paralèl epi egal yon sifas awondi konekte.

Deductive reasoning	Rezonman pa dediksyon	25	Pwosesis ki itilize fè, pwopriyete epi règ pou jistifye yon rezònman osnon pou tire konklizyon valab.
Defining a variable	Definisyon yon varyab	18	Chwazi yon varyab epi yon kantite pou varyab reprezante nan yon ekwasyon.
Degree	Degre	448	Inite pou mezire ang ki pi kouran.
Degree	Degre	670	S òm pwisans tout varyab nan yon monòm.
Dependent events	Evèman depandan	651	De osnon plizyè evènman kote rezilta yon afekte rezilta lòt la osnon lòt yo.
Diagonal	Dyagonal	528	Segman ki relye de somè ki pa konsekitif.
Diameter	Dyamèt	533	Longè segman ki ale de yon pwen sou yon sèk a yon lòt an pasan nan sant la.
Dilation	Omotesi	512	Yon transfòmasyon ki afekte dimansyon yon figi men pa chanje fòm li.
Dimensional analysis	Analiz dimansyonèl	212	Pwosede ki mete inite mezi yo lè kalkil ap fèt.
Direct variation	Varyasyon dirèk	394	Yon espès ekwasyon liney è ki dekri to varyasyon. Yon relasyon tètke lè x ap ogmante, y ap ogmante osnon diminye avèk yon to fiks.
Discount	Rabè	299	Kantite lajan ki soti sou pri nòminal yon bagay.
Distance Formula	Fòmil distans ant de pwen	466	Distans ant de pwen ki genye koòdone (x_1, y_1) epi (x_2, y_2) se : $\sqrt{(x_2 - x_1)^2 + (y_2 - y_1)^2}$.
Divisible	Divizib	148	Yon nonm divizib pa yon lòt, si lè divizyon an fèt rès la se zewo.
Domain	Domèn	35	Domèn yon relasyon se ansanm tout absis chak koup.
Edge	Bò	556	Liy kote de plan kwaze.
Empty set	Ansanm vid	336	Yon ansanm ki pa genyen okenn eleman. Senbòl li se $\{ \}$ osnon \emptyset
Equation	Ekwasyon	28	Fraz matematik ki genyen yon siy egal ($=$).
Equilateral triangle	Tryiang ekilateral	455	Triyang ki genyen tout kote li yo egal.
Equivalent equations	Ekwasyon ekivalan	111	De osnon plizyè ekwasyon ki genyen menm solisyon. Pa ekzanp $x + 4 = 7$ epi $x = 3$ se de ekwasyon ekivalan.
Equivalent expression	Ekspresyon ekivalan	98	Ekspresyon ki genyen menm valè.
Evaluate	Evalye	12	Jwen valè nimerik yon ekspresyon.
Expanded form	Fòm devlope	154	Yon jan pou ekri yon nonm ki itilize valè pozisyonèl yo pou ekri valè chak chif ki lan nonm la.

Experimental probability	Pwobabilite eksperimental	311	Sa ki pase an reyalite nan yon evènman nan pwobabilite.
Exponent	Ekspozan	153	Nan 2^4 , 4 se ekspozan an . ekspozan di konbyen fwa pou itilize baz la tankou yon faktè. Alò $2^4 = 2 \times 2 \times 2 \times 2$
Exterior angles	Ang eksteryè	492, 531	Kat nan ang yon transvèsal ki koupe de liy paralèl fòme. Ang eksteryè yo sou deyò de liy paralèl yo.
Face	Fas	556	Yon sifas lat, kote osnon baz yon prism
Factorial	Faktoryèl	642	Ekspresyon n faktoryèl se pwodwi tout nonm antye depi n pou desann rive nan 1.
Factors	Faktè	148	De osnon plizye nonm ki miltipliye pou bay yon pwodwi.
Factor tree	Dyagram faktorizasyon an pye bwa	160	Yon jan pou fè miz an faktè pwemye. Faktè yo sòti de faktè kit e la anvan yo jiskaske yo bay nonm pwemye
Formula	Fòmil	131	Yon relasyon ki montre relasyon ant diferan kantite.
Frequency table	Tablo frekans	623	Yon tablo ki montre ki kantite valè ki genyen nan chak entèval.
Function	Fonksyon	369	Yon relasyon espesyal kote chak eleman ansanm sous la genyen ekzakteman yon imaj nan ansanm imaj la.
Fundamental counting principle	Prensip fondamantal denonbreman	636	Si evènman M ka rive m jan epi evènman N ka rive n jan alò genyen $m \times n$ fason pou evènman N fèt apre evènman M
Geometric sequence	Seri jewometrik	250	Seri kote rapò ant de tèm konsekitif fiks, konstan.
Graph	Grafik	34	Yon pwen kote ki reprezante yon koup nan plan koòdone a.
Greatest common factor GCF	Pi gran faktè komen (PGFK)	164	Pi gran nonm ki se yon faktè de osnon plizyè nonm.
Greatest possible error	Pi gran erè posib	594	Mwatye inite presizyon ki sèvi pou fè mezi yo.
Half plane	Demi plan	419	.Rejyon ki genyen solisyon yon inequasyon anndan li
Histogram	Istogram	623	Yon istogram itilize ba pou reprezante done nimerik ki òganize nan entèval menm lagè.
Hypotenuse	Ipoteniz	460	Kote ki opoze avèk ang dwa nan yon triyang rektang
Identity	Idantite	336	Yon ekwasyon ki verifye kèlkeswa valè varyab la.

Independent events	Evènman endepandan	650	De osnon plizyè evenman kote rezilta yon pa afekte rezilta lòt yo.
Indirect measurement	Mezi endirèk	472	Itilize pwopriyete triyang sanblab pou jwenn mezi ki difisil pou fèt dirèkteman.
Inductive reasoning	Rezonman pa endiksyon	7	Rezònman ki baze sou yon seri ekzanp osnon evènman ki te pase.
Inequality	Inekwasyon	57, 340	Yon fraz matematik ki genyen siy ang, $>$, \neq , \leq osnon \geq .
Integers	Nonm Antye relatif	56	Nonm antye epi nonm opoze .yo
Interior angles	Ang enteryè	492, 528	Kat nan ang ki fòmè lè yon liy transvèsal kwaze de liy paralèl. Ang enteryè yo andedan de liy paralèl yo.
Interquartile range	Distans ant katil	613	Longè mwatye done ki ant de katil yo. Se diferans ant pi gran katil la epi pi piti katil la.
Inverse operation	Operasyon envès	110	Operasyon yon defèt lòt. Pa ekzanp, adisyon avèk soustraksyon.
Irrational numbers	Nonm irasyonèl	441	Yon nonm ki pa ka ekri a/b kote a ak b se de antye relative epi $b \neq 0$.
Isosceles triangle	Tryiang izosèl	455	Yon triyang ki genyen omwen de kote egal.
Lateral area	Sifas lateral	578	Sòm sifas fas lateral yon solid.
Lateral faces	Fas lateral	578	Fas lateral yon prism, yon silend, yon pyramid osnon yon kone. Se tout sifas figi a eksepte baz la osnon baz yo.
Least common denominator (LCD)	Pi piti denominatè komen (PPDK)	227	Pi piti miltip komen denominatè de osnon plizyè fraksyon.
Least common multiple (LCM)	Pi piti miltip komen (PPMK)	226	Pi piti miltip komen de osnon plizyè nonm. PPMK 4 ak 6 se 12
Leaves	Fèy	606	Nan yon dyagran tij ak fèy, valè pozisyonèl ki vini apre valè pozisyonèl tij la fòmè fey yo.
Legs	Kote ang dwat yo	460	Kote ki adjasan ang dwa nan yon triyang rektang.
Like terms	Tèm sanblab	103,674	Ekspresyon ki genyen menm varyab ki genyen menm pwisans tankou $2n$ ak $5n$; osnon $6xy^2$ ak $4xy^2$
Line	Liy	447	Yon chimin tou dwat ki pa janm fini.

Line graph	Grafik an liy	722	Yon espès grafik nan estatistik ki sèvi pou montre evolisyon valè yo avèk letan.
Line of symmetry	Liy simetri	506	Liy ki divize yon figi an de mwatye kote yon se refleksyon lòt
Line segment	Segman	453	Mòso yon liy de eksteremite limite.
Linear equation	Ekwasyon lineyè	375	Ekwasyon kote varyab parèt nan diferan tèms epi kote pa genyen okenn varyab ki genyen yon ekspozan pi ki pa 1.
Lower quartile	Pwemye katil	375	Madyann pwemye mwatye ansanm done Notasyon li se PK.
Mean	Mwayèn	82, 238	Sòm tout done yo divize pa nonm done ki genyen nan ansanm done a.
Measures of central tendency	Mezi tandans santral	238	Nonm ki ka reprezante ansanm done a
Measure of variation	Mezi varyasyon	612	Sèvi pou montre ki jan done yo distribye.
Median	Medyann	238	Nan yon ansanm done kin nan l'òd, nonm kin an mitan osnon mwayèn de nonm kin an mitan yo.
Midpoint	Pwen mitan	468	Pwen ki ekzakteman nan mitan de ekstremite yo.
Midpoint formula	Fòmil pwen mitan yon segman	468	Nan yon plan kòdone, kòdone pwen mitan yon segman ki genyen ekstremite nan (x_1, y_1) , (x_2, y_2) se $[(x_1 + x_2)/2; (y_1 + y_2)/2]$.
Mixed number	Nonm fraksyonè	200	Sòm yon nonm antye ak yon fraksyon. pa ekzanp, $3 \frac{1}{2}$.
Mode	Mòd	238	Nonm osnon nom yo ki parèt pi souvan nan yon ansanm done
Monomial	Monòm	150	Yon ekspresyon ki se swa yon nonm, swa yon varyab, swa pwodwi nonm avèk yon varyab osnon plizyè varyab.
Multiple	Miltip	126	Pwodwi yon nonm avèk yon nonm antye.
Mutually exclusive events		652	De osnon plizyè evènman ki pa ka rive an menm ta.
Negative number	Nonm negatif	56	Yon nonm ki pi iti pase zewo.
Non linear function	Fonksyon non lineyè	687	Fonksyon ki genyen yon grafik ki pa yon liy dwat
Null set	Ansanm vid	336	Ansanmki pa genyen okenn eleman. Senbòl li se \emptyset .
Numerical expression	Ekspresyon nimerik	12	Yon konbinezon nonm avèk operasyon tètke adisyon, soustraksyon, multiplikasyon, epi divizyon.
Obtuse angle	Ang obti	449	Ang ki mezire ant 90° epi 180°

Obtuse triangle	Triyang obti	454	Yon triyang ki genyen yon ang obti.
Odds	Kòt	646	Yon jan pou dekri chans yon evènman genyen pou li pase.
Open sentence	Pwopozisyon	28	Yon ekwasyon ki genyen yon varyab.
Opposites	Opoze	66	De nonm ki genyen menm val è absolè men ki genyen siy diferan.
Ordered pairs	Koup	33	De nonm ki sèvi pou plase yon pwèn nan plan kòdone a.
Order of operations	Lòd operasyon yo	12	<ol style="list-style-type: none"> 1. Senplifye ekspresyon kin an senbòl groupman yo 2. Evalye tout pwisans yo. 3. Fè tout multiplikasyon /tout divizyon de gòch a dwat 4. Fè tout adisyon /tout soustraksyon de gòch a dwat
Origin	Orijin	33	Pwèn kote de dwat nimerik yo kwaze nan plan kòdone a.
Outcome	Rezilta	310	Rezilta posib nan yon eksperyans nan pwobabilite.
Outliers	Done ò nòm	621	Done ki pi lwen pase yon fwa edmi distans ant katil de katil yo.
Parallel lines	Liy paralèl	492	De liy nan yon menm plan ki pa janm kwaze.
Parallelogram	Paralelogram	514	Kadrilatè ki genyen kote opoze yo paralèl epi egal.
Part	Pati	288	Nan yon pwopòsyon pousantaj, nonm yap konpare avèk kantite a
Percent	Pousan	281	Yon rapò ki konpare yon nonm avèk 100.
Percent equation	Ekwasyon ak pousantaj	298	Yon fòm ekivalan pwopòsyon posantaj kote nonm decimal ranplase pousantaj yo.
Percent of change	Pousantaj varyasyon	304	Rapò ant ogmantasyon osnon diminisyon yon kantite epi kantite orijinal la.
Percent of decrease	Pousantaj diminisyon	306	Rapò ant kantite diminisyon an epi kantite ki te la anvan, eksprime an pousan. Yon pousantaj chanjman negatif.
Percent of increase	Pousantaj ogmantasyon	305	Rapò ant kantite ogmantasyon an epi kantite ki te la anvan, eksprime an pousan.
Percent proportion	Pwopòsyon ak pousantaj	288	$\text{Pati} / \text{baz} = \text{pousantaj} / 100$ osnon $a/b = p/100$.
Perfect squares	Kare pafè	436	Nonm rasyonèl rasin kare yo se yon nonm antye. 25 se yon kare pafè paske $\sqrt{25}$ se 5.
Perimeter	Perimèt	132	Distans otou yon figi jewometrik.
Period	Peryòd	201	Nan yon nonm decimal ki genyen yon devlopman peryodik, periòd la se chif kap repete yo. Peryòd nan $0.\bar{6}$ se 6.
Permutation	Pèmitasyon	641	Yon ranjman osnon yon lis kote lòd la enpòtan.

Perpendicular lines	Liy pèpandikilè	494	Liy ki kwaze pou fòmè yon ang dwa.
Pi π	Pi π	533	Rapò ant sikonferans yon sèk epi dyam èt sèk la Valè apwoche li se 3.14 osnon $\frac{22}{7}$.
Plane	Plan	556	Yon sifas plat ki etann san fen nan tout direksyon epi ki genyen omwen twa pwen ki pa sou yon menm liy.
Point	Pwen	447	Yon kote nan yon plan Li pa genyen ni dimansyon ni fòm.
Polygon	Poligòn	527	Yon figi senp plat twa segman omwen fòmè
Polyhedron	Poliyèd	556	Yon solid ki genyen sifas plat ki se poligòn
Polynomial	Polinòm	669	Yon ekspreson aljebrik ki genyen sòm osnon/ak pwodwi omwen de monòm
Power	Pwisans	153	Nonm yo itlize yon ekspozan pou ekri.
Precision	Presizyon	590	Ekzaktitud yon mezi
Prime factorization	Miz an faktè pwemye	160	Yon nonm konpoze ki ekri tankou pwodwi faktè pwemye li yo.
Prime number	Nonm pwemye	159	Yon nonm antye ki genyen ekzacteman de faktè, 1 avèk tèt li.
Principle	Manman lajan	300	Kantite lajan kin an yon kont la bank.
Prism	Prism	557	Poliyèd ki genyen de baz an fòm poligòn paralèl epi egal
Probability	Pwobabilite	310	Rapò ant nonm fwa yon evènman ka rive epi nonm rezilta posib yo.
Properties	Pwopriyete	23	Deklarasyon ki vre pou tout nonm.
Proportion	Pwopòsyon	270	Egalite de osnon plizyè rapò
Protractor	Rapòtè	448	Enstriman ki sèvi pou mezire ang.
Pyramid	Piramid	557	Yon poliyèd ki genyen yon poligòn pou baz epi fas ki se triyang.
Pythagorean theorem	Teyorèm Pitagò	460	Si yon triyang se yon triyang rektang alò kare longè ipoteniz la egal sòm kare de kote ang dwa $a^2 = b^2 + c^2$.
Quadrants	Kadran	86	Kat rejyon Aks X av èk aks Y la fòmè nan plan koòdone a.
Quadratic function	Fonksyon kwadratik	688	Yon fonksyon ekwasyon $y = ax^2 + bx + c$ ka dekri; kote $a \neq 0$
Quadrilateral	Kadrilatè	513	Yon figi fèmèn ki genyen kat kote epi kat somè. Kare, rektang trap èz se kadrilatè.
Quartile	Katil	613	Valè yo ki divize yon ansanm done an kat pati egal.
Radical sign	Senbòl rasin kare	436	Senbòl $\sqrt{\quad}$ ki sèvi pou ekri pati positif yon rasin kare.

Radius	Reyon	533	Distans depi sant yon sèk jiska kèlkeswa pwen sou s èk la.
Range	Domèn valè	35	Domèn valè yon relasyon se ansanm tout valè imaj fonksyon an ka genyen.
Range	Pòte	612	Yon paramèt pou mezire dispèsyon .Se diferans ant pi gran epi pi piti valè è nan yon ansanm done.
Rate	To	265	Rapò ant de mezi kip a genyen menm inite.
Rate of change	To varyasyon	393	Varyasyon yon kantite an fonksyon yon lòt
Ratio	Rapò	264	Konparezon ant de nonm divizyon ede fè
Rational number	Nonm rasyonèl	205	Yon nonm ki ka ekri sou fòm a/b kote a ak b se de antye relative epi $b \neq 0$.
Ray	Demidwat	447	Pati yon liy ki kontinye san rete nan yon direksyon
Real numbers	Nonm reyèl	441	Inyon ansanm nonm rasyonèl avèk ansanm nonm irasyonèl
Reciprocal	Resipwòk	215	Yon lòt nonm pou envès pou multiplikasyon.
Rectangle	Rektang	514	Yon paralelogram ki genyen kat ang dwa.
Reflection	Refleksyon	506	Yon transfòmasyon kote yon figi tounen otou yon liy.
Regular polygon	Poligòn regilye	529	Yon figi kote tout ang yo egal epi tout kote yo egal.
Relation	Relasyon	35	Ansanm koup.
Repeating decimal	Devlopman desimal repete	201	Yon nonm kote pati decimal la fòm ak repetisyon yon osnon plizy è chif. Pa ekzanp 0.181818 ... epi 0.8333.
Rhombus	Lozanj	514	Yon paralelogram ki genyen kat kote egal.
Right angle	Ang dwat	449	Yon ang ki mezire 90° .
Right triangle	Triyang rektang	454	Yon triyang ki genyen yon ang dwa
Rotation	Rotasyon	506	Transfòmasyon kote yon figi tounen otou yon pwen fiks.
Sample	Echantiyon	309	Yon sou group osnon yon so ansanm ki sèvi pou reprezante yon popilasyon
Sample space	Inivè	311	Ansanm tout rezilta posib.
Scale	Echèl	276	Relasyon ant mezi sou yon desen osnon sou yon modèl epi mezi sou bagay li menm.
Scale drawing	Modèl	276	Yon desen ki sèvi pou reprezante yon objè ki swa twò gran osnon twò piti pou desine nan grandè reyèl li.
Scale factor	Faktè echèl	277	Rapò ant longè sou yon desen a lechèl osnon yon mak èt epi long èki koresponn you bagay la li menm.
Scale model	Makèt	276	Yon modèl kis èvi pou reprezante yon objè ki swa twò gran osnon twò piti pou konstwi nan grandè reyèl li.

Scalene triangle	Triyang ke+lkonk	455	Yon triyang ki pa genyen okenn kote egal.
Scatter plot	Dyagram dispèsyon	40	Yon grafik ki montre relasyon ant de ansanm.
Scientific notation	Notasyon syantifik	186	$a \times 10^n$ reprezante yon nonm nan notasyon siantifik ; kote $1 \leq a < 10$ epi nse yon antye relative. Pa ekzanp, $5,000,000 = 5.0 \times 10^6$
Sequence	Sekans	249	Yon lis nonm kin an lòd tankou 0, 1, 2, 3, osnon 2, 4, 6, 8
Sides	Kote yon ang	447	De demi dwat ki fòm yon ang.
Significant digits	Chif siyifikatif	590	Chif ki bay val è yon mezi; li endike ak ki presizyon mezi a f èt.
Similar solids	Solid sanblab	584	Solid ki genyen menm fòm men ki pa genyen nesèsman ak menm dimansyon.
Similar triangles	Triyang sanblab	471	Triyang ki genyen menm fòm men ki pa genyen menm dimansyon
Simple events	Evènman senp	310	Yon rezilta osnon ansanm rezilta
Simple interest	Enterè senp	300	Kantite lajan yon moun peye osnon resevwa lè li pretelajan osnon mete lajan labank. $I = prt$ (interè = prensipal \times to \times tan)
Simplest form	Fòm senplifye	104	Yon ekspresyon aljebrik nan fòm senplifye l è li pa genyen okenn t èm omològ ni okenn parantèz.
Simplest form	Fòm redwi	169	Yon fraksyon sou fòm redwi lè PGFK ant denominat è epi nimerat è a se 1
Simplify	Senplifye	25	Ekri yon ekspresyon sou yon fòm pi senp.
Simulation	Similasyon	656	Fè yon eksperyans pou wè rezilta posib yo
Sine	Sinis	477	Si ΔABC se yon triyang rektang epi A se yon ang egi, al è: $\text{Sinang } a = \text{longè kote opoze} / \text{long è ipoteniz}$
Skew lines	Liy gòch	558	Liy ki pa ni paralèl ni secant. Liy gòch sitiye nan plan diferan
Slant height	Altitud oblik	578	Longè wotè yon fas lateral yon pirazmid regilye.
Slope	Pant	387	Rapò chanjman wotè osnon chanjman vètikal ak kous osnon chanjman orizontal. Pant la di ki jan liy la monte apik.
Slope-intercept form	Fòm kanonik	398	Yon ekwasyon lineyè sou fòm $y = ax + b$ kote a se pant la epi b se òdone nan orijin la
Solution	Solisyon	28	Valè varyab la ki verifye yon ekwasyon.
Solving the equation	Rezoud yon ekwasyon	28	Pwosesis ki pèmèt jwenn solisyon yon ekwasyon.

Solving a right triangle	Jwenn kote yon triyang rektang	461	Itilize teyorèm Pitagò pou jwenn twazyèm kote yon triyang rektang lè longè de lòt kote yo koni.
Square	Kare	514	Yon paralelogram ki genyen tout kote li yo egal epi ki genyen kat ang dwa
Square root	Rasin kare	436	Yon nan de faktè egal yon nonm genyen. Rasin kare 25 se 5 paske $5^2 = 25$
Standard form	Fòm estanda	154	Yon nonm sou fòm estanda l è li ekri san ekspozan. Fòm estanda sèt san trant nèf se 739.
Stem and leaf plot	Dyagram tij ak fèy	606	Yon sistèm ki sèvi pou kondanse yon ansanm done kote pi gran val èpozisyonèl tout done genyen sèvi kòm tij nan dyagram tij ak fèy.
Stems	Tij	606	Pi gran valè pozisyonèl tout done genyen s èvi kòm tij nan diagram tij ak fèy.
Straight angle	Ang plat	449	Yon ang ki mezire 180° .
Supplementary	Siplemantè	494	De ang siplemant è l è sòm yo egal 180°
Surface area	Sifas total	573	Sòm tout sifas fas yon an yon figi tridimansyonèl
System of equations	Sistèm ekwasyon	414	Yon ansanm ekwasyon ki genyen menm varyab yo. Solisyon sistèm se yon koup ki se solisyon tout ekwasyon yo.
Tangent	Tanjant	477	Si $\triangle ABC$ se yon triyang rektang epi si a se yon ang egi Tanjant $A = \text{longè kote opoze ang } A / \text{longè kote adjasan ang } A$
Term	Tèm	103	Lè siy + osnon siy – separe yon ekspresyon aljebrik nan ti mòso, chak mòso se yon tèm.
Term	Tèm	249	Chak nonm kin an yon seri s yon tèm.
Terminating decimal	Devlopman decimal fini	200	Yon nonm decimal kote pati decimal la genyen yon nonm chif fini. Nonm ki genyen devlopman desimal fini ka ekri tankou fraksyon ki genyen denominatè egal swa 10, swa 100, swa 1000 etc.
Theoretical probability	Pwobabilite teyorik	311	Rezilta ki k a rive nan yon eksperyans pwobabilite
Transformation	Transfòmasyon	506	Mouvman yon fòm jewometrik.
Translation	Translasyon	506	Yon transfòmasyon kote yon figi jewometrik glise de yon pozisyon nan yon lòt san li pa vire.
Transversal	Transvèsal	492	Yon liy ki kwaze de liy paralèl pou yo f òme 8 ang.
Trapezoid	Trapèz	514	Kadrilatè ki genyen ekzakteman yon pè kote paralèl
Tree diagram	Dyagram pye bwa	653	Yon diagram ki sèvi pou montre tout rezilta posib.

Triangle	Triyang	453	Yon poligòn ki genyen twa kote.
Trigonometric	Rapò trigonometrik	477	Rapò ant de kote yon triyang rektang. Tanjant, sinis, epi kosinis se rapò trigonometrik.
Trigonometry	Trigonometri	477	Etid pwopriyete triyang. Trigonometri vle di mezire ang
Trinomial	Trinòm	669	Yon polinòm ki genyen twa tèm.
Two step equation	Ekwasyon a de etap	120	Yon ekwasyon ki genyen de operasyon.
Unit rate	To initè	265	Yon to ki senplifye pou li genyen yon denominatè egal 1.
Upper quartile	Twazyèm katil	613	Medyann dezyèm mwatye yon ansanm done. Abrevyasyon TK
Variable	Varyab	17	Senbòl ki ranplase yon nonm.
Venn diagram	Dyagram Vènn	164	Yon diagram ki sèvi pou montre relasyon ant ansanm nonm osnon bagay. Li itilize sèk yon rekouvri lòt. Sèk yo nan yon rektang.
Vertex	Somè	447	Pwen komen de demi dwat ki fòme yon ang
Vertex	Somè	453	Somè yon poligòn se kote de kote poligòn la kwaze.
Vertex	Somè	556	Kote de osnon plizyè plan kwaze nan yon pwen.
Vertical angles	Ang opoze pa somè yo	493	De pè ang opoze de liy secant fòme. Ang ki fòme yo egal. Nan figi ang opoze pa somè yo se ang 1 ak ang 3 epi ang 2 ak ang 4.
Vertical line test	Tès liy vètikal	370	Si yon liy vètkalki trase sou grafik yon relasyon pa pase nan plis pase yon pwen grafik la pou k'èlkeswa valè ki nan domèn la, alò relasyon an se yon fonksyon.
Volume	Volim	493	Mezi kantite espas yon solid okipe
x -axis	Aks-X	33	Dwat nimerik orizontal nan plan koòdone a.
x -coordinate	Absis	33	Pwemye nonm nan yon koup.
x -intercept	Absis nan orijin	381	Koòdone kote grafik la kwaze aks X la
y -axis	Aks- y	33	Dwat nimerik vètikal nan plan koòdone a.
y -coordinate	Òdone	33	Dezyèm nonm nan yon koup.
y -intercept	Òdone nan orijin	381	Koòdone pwen kote grafik la kwaze aks Y.